

## Vaksen pou COVID-19 Disponib Kounye a pou Moun 75 Lane ak Plis

- Endividi 75 lane ak plis ka pran yon randevou kounye a pou vaksen COVID-19 la.
- Vizite [www.mass.gov/COVIDVaccineMap](http://www.mass.gov/COVIDVaccineMap) pou chache loka epi pran yon randevou sou entènèt.
- Vaksen an gratis epi yo p ap janm mande w pou w peye oswa pou w bay yon nimewo kat kredi pou w pran randevou a.
- Paske pwovizyon vaksen an limite anpil, ou gendwa oblije tann pandan plizyè semèn pou w pwograme yon randevou.
- Pou kesyon ak asistans, rele Ling Ijans COVID-19 Massachusetts nan 2-1-1.

## Kisa W Bezwen pou Pwograme Randevou a

- Bay non konplè w, dat ou fèt, adrès imèl, nimewo telefòn, adrès lakay ou.
- Enfòmasyon asirans sante w (pare kat ou ak nimewo asirans ou).
- Reponn seri kesyon ki gen rapò ak sante.
- Enprime epi/oswa siyen yon fòm konsantman ak atestasyon.

## Kisa W Bezwen pou w Pote nan Randevou w la

- Pote yon pyès Idantite ak non w, si w gen youn, pou verifye non w nan sistèm vaksinasyon an.
- Pote kat asirans ou, si w genyen youn. Y ap chaje asirans ou san sa pou koute w anyen. Ou pa bezwen asire pou w resewa vaksen an.
- Fòm atestasyon w lan, si w kapab enprime li. Genyen chans pou w jwenn fòm atestasyon disponib nan likal yo lè w rive.

## Transpò Gratis ak San Danje pou ale nan Zòn Lokal Vaksinasyon yo Disponib

- Sèvis Granmoun Aje Sommerville-Cambridge (Sommerville-Cambridge Elder Services) ap ofri transpò gratis pou granmoun aje lokal 75 lane ak plis pou ale nan lokal sit vaksinasyon COVID-19 yo.
- Pou plis enfòmasyon sou pwogram transpò vaksinasyon SCES la, oswa pouenskri pou yon woulib, rele **SCES nan 617-628-2601** oswa voye yon imèl nan [info@eldercare.org](mailto:info@eldercare.org).

**Tout vaksen COVID-19 yo aktyèlman disponib epi yo pwouve ke yo san danje ak efikas anpil pou bare wout COVID-19.**

## Pwoteje Tèt ou kont Rakèt

Menm lè nou pa okouran ke genyen rakèt sou vaksen ki te fè viktim pami rezidan Cambridge yo, yo rapòte ke gen raketè k ap pran lajan pou bay fo rezèvasyon vaksen COVID-19 atravè peyi a.

### Tanpri sonje:

- Ou **pa ka peye** pou mete non w sou yon lis pou jwenn vaksen an.
- Ou **pa ka peye** pou jwenn aksè ak vaksen an pi bonè.
- Si yon moun rele, voye mesaj, oswa imèl sou vaksen an epi **mande pou** nimewo Sekirite Sosyal, kont an bank, oswa nimewo kat kredi w yo, **se yon rakèt**.

**Pou kesyon ak dènye mizajou yo, rele ling enfòmasyon sou vaksen Vil Cambridge la: 617-349-9789**

